

Kreye Pwòp Modèl Mesaj Ou

Mesajri se fondman tout estrateji ki pote siksè. Mesaj yo esplike poukisa moun yo ta dwe sousye pou pwoblèm ou an; kreye sansibilizasyon epi kreye yon sans ijans; rakonte yon istwa apwopo objektif ou, vizyon w ak wòl ou; epi founi yon mwayen pou prezante gwo lide.

Prensip Nou Dakò Sou Yo

Dekri valè fondamantal ki nan kè pwoblèm lan. Elabore sousi an sou yon gwo lide, yon lide ki eksprime kwayans ak emosyon piblik ou an.

Egzanp: Tout jenn moun gen dwa pou pwospere nan yon mond kote bezwen yo satisfè epi rèv yo ka tounen reyalitye.

Opòtinite/Defi

Ki baryè ou gen pou ranvèsè? Ideyalman pwoblèm lan se sa yo ka konprann lan antanke yon pwoblèm kominotè oswa piblik. Poukisa li enpòtan pou dekri ijans sousi an, pa montre pwoblèm an twò gran pou l pa fè moun yo kwè li pa ka rezoud.

Egzanp: Sistèm piblik ki egziste deja yo tankou edikasyon, jistis jivenil ak swen sante mantal pap abòde yon fason efikas bezwen tifi ki te viv yon twomatism.

Solisyon

Defini solisyon an apati opinyon w. Moun k ap koute/lektè ou yo pral enspire si w ka di yo ou konn sa pou fè. Li pral bati konfyans yo nan ou tou. Mete òganizasyon w ak misyon li nan mitan solisyon an.

Egzanp: Pwofesè ak konseye yo nan enstitisyon piblik ki sanble ak diferan ras nan kominote y ap sèvi, yo patikilyèman bati yon relasyon konfyans avèk tifi ki te viv twomatism epi ede tifi sa yo devlope.

Aksyon

Kisa moun k ap koute/lektè dwe fè? Sa ka senp menm jan ak “apran plis,” “vizite sit entènèt nou an,” elatriye, oswa “tanpri ekri/rele/vizite reprezantan ki eli yo.” Mande soutyen finansye tou se yon apèl pou poze aksyon.

Egzanp: Suiv nou sou Twitter pou aprann fason pou ogmante divèsite nan enstitisyon k ap sèvi jèn yo.



Egzanp Mesajri

Piblik: Paran Lekòl Piblik yo

Valè yo	Pwoblèm	Solisyon	Aksyon
Antanke paran, nou gen dwa pou defann edikasyon timoun nou yo.	Nan eksperyans nou ak lekòl yo epi sistèm edikasyon yo, yo souvan fè nou fè silans e fè nou entimidasyon e nou pa ka konkretize wòl nou antanke asosye nan edikasyon timoun nou yo.	Lekòl piblik yo nan vil nou an dwe pase politik ki pwoteje dwa paran yo pou defann timoun yo san laperèz entimidasyon, silans oswa vanjans kont yo.	Mande lòt paran pou rejwenn nou nan voye imèl bay komisyon eskolè vil nou an pou mande adopte politik sa a.

Piblik: Nouvo Manman Toupre Bank Lèt yo

Valè yo	Pwoblèm	Solisyon	Aksyon
Tout bebe ki fenk fèt merite jwenn manje yo bezwen pou yo devlope.	Sa rive souvan kote manman ki gen bebe ki fèt anvan lè yo pa gen lèt nan tete yo, sa ki se yon eleman ki ka endispansab pou sove pitit yo.	Nou ede bebe ki fèt anvan lè yo jwenn lèt manman ki pou ede sove lavi yo, lè nou pèmèt manman ki ansante yo fè kado lèt anplis yo gen nan tete yo.	Si w se yon moun ki ansante, k ap fè alètman nan moman an, tanpri bay lèt anplis ou genyen an kòm don pou w ka ede bebe ki fèt anvan lè yo devlope.

Piblik: Manm Kongrè Pwogresis Ou an kont Manm Kongrè Konsèvatè

Valè yo	Pwoblèm	Solisyon	Aksyon
<p>PWEN POZITIF (PROG): Timoun ak fanmi nou yo merite santi yo ansekirite.</p> <p>PWEN NEGATIF (CONS): Sekirite piblik se prensipal sousi pou fanmi ameriken yo.</p>	<p>PWEN POZITIF (PROG): Apwòch politik egzajere ap devaste jenès lan, moun k ap viv ak andikap yo, ak kominote moun nwa ak koulè yo, sa ki kreye yon kriz sekirite piblik.</p> <p>PWEN NEGATIF (CONS): Krim ak vyolans yo twòp.</p>	<p>PWEN POZITIF (PROG): Lè yo pase pwojè nouvo lwa sa a, Kongrè an t ap gen opòtinite pou asire tout kominote yo, espesyalman kominote moun nwa ak koulè yo, santi yo ansekirite.</p> <p>PWEN NEGATIF (CONS): Lè yo pase nouvo pwojè lwa sa a, Kongrè an ta ka redui nan yon fason efikas krim ak vyolans atravè metòd ki pwouve yo pou amelyore sekirite piblik.</p>	<p>PWEN POZITIF (PROG): Montre angajman w ak sekirite kominote an nan sipòte nouvo pwojè lwa sa a.</p> <p>PWEN NEGATIF (CONS): Montre angajman ou pou redui vyolans epi ogmante sekirite piblik nan sipòte nouvo pwojè lwa a.</p>

[Endike Non Òganizasyon an] Fòmilè piblikasyon ak otorizasyon medyatik

Nan dokiman sa a mwen bay [Endike Non Òganizasyon an] pèmisyon pou itilize foto m, videyo, imaj, non, resablans, antrevi, oswa zèv atizay (ki dekri epi ki lye anba) sou sit entènèt li yo, imèl, sit entènèt asosye li yo, modifikasyon sit ak aplikasyon mobil san peman oswa okenn lòt konsiderasyon.

Anplis, mwen retire dwa pou enspekte oswa apwouve pwodui ki fini an ansanm ak kopi ekri oswa elektwonik. Mwen verifye mwen se pwopriyetè lejitim imaj oswa lòt dokiman ki dekri anba epi m gen dwa pou bay pèmisyon sa a.

Nan dokiman sa a mwen libere [Endike Non Òganizasyon an], ansanm ak afilye, responsab li yo, anba tout reklamasyon, demann, ak koz pousuit mwen menm, eritye mwen yo, reprezantan, egzekitè mwen yo oswa nenpòt lòt moun ki aji nan non mwen gendwa akoz otorizasyon sa a.

Mwen byen konprann kontni yo, siyifikasyon ak enpak enfòmasyon sa a.

Siyati

Non (Nan lèt detache)

Siyati - Paran oswa Gadyen si se yon minè

Rakonte istwa

Lè w pare pou pataje istwa yon moun, men kesyon pou poze tèt ou.

Èske w gen pèmisyon pou bay istwa sa a?

- Èske w te jwenn pèmisyon nan men moun lan pou fè antrevi ak li? Itilize non li (prenon ak siyati, inisyal oswa alyas)? Pou pran foto oswa videyo li? Si moun lan gen mwens pase 18 ane, èske w gen pèmisyon gadyen an?
- Èske w te dekri bay moun lan potansyèl konsekans pataj istwa li an (atansyon nan laprès li pa vle, reyaksyon negatif apati piblik jeneral lan oswa kominote an, konsekans pwofesyonèl oswa jiridik, elatriye.)?
- Èske w te prepare moun sa a sou fason pou li pi byen jere konsekans negatif yo?
- Èske w te dekri bay moun sa a kijan ak kilè istwa li an ap pataje?
- Ki kalite pèmisyon ou bezwen? Alekri? Vèbal? Gade [la](#) pou yon fòmilè echantyon.

Èske moun w ap prezante an se pi bon chwa a pou istwa ou an?

- Kijan m ap reprezante moun sa a? Èske mwen p ap tonbe nan okenn kliche sou idantite?
- Èske itilizasyon mwen fè ak istwa oswa imaj moun sa a ap pote avantaj pou li, oswa senpman pou òganizasyon mwen an?
- Kijan moun ki prezante an ta dwe santi l si li te wè kijan imaj oswa pawòl li ap itilize nan kontèks?
- Èske mwen enplike moun sa a nan fason apwopriye nan travay politik ak defans lan tou?
- Èske pataj istwa lakoz chòk pou moun sa a? Èske mwen anmezi ofri soutyen?

Èske ou te verifye istwa moun sa a?

- Èske w te egzamine rezo sou entènèt/sosyal li pou konprann enfòmasyon ki pibliye sou li? Èske gen enfòmasyon sou li ki pral swa nui li yon fwa yo pale piblikman oswa afebli mesaj ou an oswa kredibilite òganizasyon ou an?
- Èske w konnen tout rezon moun sa a genyen pou l pataje istwa li? Èske motivasyon li diferan avè pa ou?
- Si moun lan fè referans ak evennman oswa moun, èske w ka verifye si deklarasyon sa yo vre? Kisa konsekans yo ye dèske gen referans ak senaryo oswa moun, nan ka deklarasyon moun lan pa verite?
- Èske w ap fè konplo anba anba sou moun sa a e ou ta dwe verifye sipozisyon sa yo?



Verifye Sijè Istwa yo

Sa ki suiv yo la se konsiderasyon ak pi bon pratik pou kreye yon videyo senp pou rakonte istwa.

Preparasyon

Kreye yon videyo se yon pwosesis eksitan, e li pa toujou egzije yon ekspè. Suiv etap sa yo pou kreye pwòp zafè ou:

- Idantifye sou kisa videyo ou an ap konsantre.
- Filme videyo ou an.
- Aranje videyo ou an.

Pandan w ap prepare pou rakontre yon istwa atravè videyo, gen kèk konsèp enpòtan pou konsidere pou asire w videyo ou an fè siksè. Sa yo gen ladan yo:

- **Entrig ak Estrikti:** Planifye estrikti videyo ou an alavans. Kijan l ap ouvri epi fèmen? Ki detay ki pi enteresan ou vle mete ladan yo ye?
- **Patisipan:** Kiyès moun ak lide ki parèt nan videyo ou an? Kisa egzakteman ou ta renmen yo di?
- **Anplasan:** Kibò videyo ou an ap filme? Menm pou yon senp videyo antrevi, w ap vle pou konsyan pou ekleraj ak bri nan fon yo pou yo ka byen wè moun k ap pase antrevi an epi pou l klè.

Lojistik

Anvan ou kòmanse filme, bat pou gen tout pyès ki nesèsè yo anplas, sa gen ladan l:

- **Asire w tout patisipan siyen yon fòmilè dechaj pou medya** ki endike konsantman yo pou filme yo epi pou videyo an pataje piblikman.
- **Idantifye espas ou pral filme an**, fè yon nòt sou kilè ekleraj lan pi bon oswa lè gen mwens sikilasyon pou evite distraksyon nan anviwonman an.
- **Pataje tout nòt oswa tèks ak patisipan yo.** Si gen bagay ou ta renmen patisipan ou an di prezizeman, pataje tèks ou an ak li anvan ou filme. Si se yon antrevi, pataje kesyon ak li alavans.



- **Asire w ekleraj lan apwopriye.** Ekleraj se youn nan eleman ki pi esansyèl pou videyo ou an epi li fè yon gwo diferans nan fason w kaptire pran patisipan ou an. Sonje sa ki suiv lan:
 - Priorize ekleraj natirèl, ki gaye. Bay yon fenèt ki pap resevwa limyè dirèk solèy lan anfas, filme nan lè aswè oswa itilize yon ekleraj dous pou anndan ki sou silans pi bon pou kapte imaj sou videyo.
 - Si w deyò nan limyè solèy pandan mitan jounen an, chèche yon ti kwen ki gen lonbraj pou filme (pa egzanp: anba yon pyebwa oswa batiman) pou evite limyè vif lan. Si pa genabri, li pi bon pou w dirije ou nan direksyon limyè solèy lan; dirije w lwen ap kreye lonbraj. Si sa ta posib, tann jouk lè aswè anvan solèy lan kouche pou filme lè limyè an pi swa.
 - Teste ekleraj ou anvan w filme. Pran kèk priz tès anvan w filme epi ajiste limyè an jan sa nesèsè. Rale rido fenèt, limen oswa etenn limyè anndan kay ka gen yon efè dramatik sou rezilta a.

Bay patisipan ou an konsèy pou rann li alèz. Gen anpil chans pou patisipan videyo ou an — anpatikilye pou entèviou yo — pa gen yon gwo konfyans devan kamera. Si patisipan nan antrevi ou an ap filme tèt li (swa apati yon kamera telefòn oswa Zoom) li enpòtan pou raple li:

- Tout liy tèks ou vle l li an.
- Yon lide gwosomodo sou kijan ou atann pou li aji devan kamera (pa egzanp: rilaks, montre antouzyas).
- Objektif videyo w lan ak sa w ap eseye akonpli an.
- Yon rapèl li ta dwe eseye fokalize nan kadran epi pale yon fason ki klè, natirèl epi dirèk.

Kit w ap filme pou yon antrevi oswa yon videyo nan yon estil narasyon, li enpòtan pou raple patisipan ou an plizyè travay ka fèt an menm tan. Si dyalòg lan vin melanje, yo malalèz oswa gen distraksyon nan anviwonman an ki antre nan kadran - pa trakase w - rekòmanse.

Pi Bon Pratik yo pou Filme

Telefòn kamera. Jodi an, prèske tout telefòn selilè gen yon paramèt kamera. Sa rann li pi fasil pou pran videyo jan w vle. Telefòn selilè yo bon pou kapte imaj nan chan an pou yon videyo nan stil narasyon, oswa pou fè yon apèl dirèk kote ou vire kamera sou ou epi pale dirèkteman ladan l. Sonje pi bon pratik sa yo lè w ap filme yon apèl dirèk sou yon telefòn kamera:

- Filme ak telefòn lan kouche nan sans orizontal nan yon pozisyon ki dwat, estab.
- Apiye telefòn lan sou yon tab avèk yon pil liv oswa lòt bagay, asire w li dirèkteman anfas figi w oswa patisipan ou an.
- Filme nan yon sal ki piti pou bloke eko yo.
- Filme tèt ou omwen defwa pou ou ka chwazi pi bon pati an lè w ap ranje l.

Dekoupe videyo ou an.

- Nan *Photos*, louvri videyo an, apresa tape sou *Edit*.
- Fè glise nenpòt nan pwent nan woulo dewoulaj lan anba videyo an pou chanje lè demaraj oswa arè an, apresa tape sou *Done*.
- Tape sou *Save Video* pou anrejistre videyo ki dekoupe an sèlman, oswa *Save Video New Clip* pou anrejistre toude vèsyon videyo an.

Kamera òdinatè pòtab. Anpil òdinatè pòtab tou vin ak kamera, sa ki founi yon mwayen ideyal pou kapte antrevi epi videyo apèl dirèk. Men kèk nòt pou kapte bèl videyo apati òdinatè pòtab.

- Asire w kamera òdinatè pòtab lan dirèkteman sou menm liy ak figi patisipan an. Ou ta ka oblije itilize yon kontremach pou fè sa. Yon pil liv oswa yon ti bwat ta dwe sifi.
- Eseye santre patisipan an nan film lan lè w mete l nan mitan kadran videyo an.
- Si l ap li apati yon tèks, asire w zye patisipan an pi pre kamera jan sa posib epi l pap deplase ozalantou ekran an. Sa ka fèt lè w mete tèks lan nan gwo karaktè epi mete l anwo nan ekran òdinatè ou an pou li jis anba kamera a.

Anrejistreman sou Zoom. Zoom ak lòt sèvis ebèjman videyo yo se metòd popilè pou kominike men yo ka sèvi tou antanke yon zouti pou antrevi lè sijè ou an pa aksesib fasilman. Pi bon pratik pou anrejistreman Zoom yo sanble ak enstriksyon pou kamera òdinatè pòtab yo. Patisipan an ta dwe sousye pou ekleraj lan, kote li ye nan kad anrejistreman ak tout lòt konsèy ki te nan lis anvan yo.